



Pou Piblikasyon Imedya: 03/12/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE EKSTANSYON EKZONERASYON TAKS SOU BYEN IMOBILYE SOU EDIFIS FÈM

Pwolonje ekzonerasyon taks fonsye pou pwochen 10 lane yo sou edifis ak amenajman ki vital pou fèm ak òtikilti

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te anonse ekstansyon ekzonerasyon eta nan kad Lwa Taks sou Byen Imobilye (Real Property Tax Law) sou edifis fèm, ki pral ofri soulajman kontini sou taks pou kiltivatè ak pwodiktè nan New York. Lwa Taks sou Byen Imobilye ekzonere pwodiktè agrikòl pou yo peye taks sou byen imobilye sou edifis ki rete esansyèl pou pwodiksyon sou pwodwi agrikòl oubyen òtikilti, tankou pepinyè tanporè, etab letye ak zòn ekzèsis pou operasyon ki resevwa chwal.

“Endistri agrikòl New York la se yon sektè majè pou ekonomi nou an, epi li rete vital pou nou kontinye sipòte fèm ak pwodiktè lokal”, **Gouvènè Cuomo te deklare.**

“Ekzonerasyon fiskal sa a pral ede pwodiktè agrikòl k ap travay di nan New York pou yo invest nan fèm yo ak devlope antrepriz yo, epi kòm rezilta ogmante konpetitivite yo ak pwodiktivite yo nan ane k ap vini yo.”

“Agrikilti rete yon pati esansyèl nan ekonomi New York, epi n ap tavy pou retire baryè sou kwasans pou fèm atravè eta a”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.**

“Nouvo lwa sa a diminye chaj fiskal sou pwopriete sou fèm New York, sa ki ede yo rete konpetitif nan ekonomi global la.”

Yo te pwolonje ekzonerasyon Lwa Taks sou Byen Imobilye pou pwochen 10 lane yo epi li aplike a edifis ki fèk konstwi ak rekonstwi jiska 1ye Janvyè, 2029. Depi yo te renouvle li pou dènye fwa nan 2008, ekzonerasyon pou estrikti fèm yo estime li fè fèm New York yo ekonomize plis pase 112.8 milyon dola. Ekzonerasyon an te ede sipòte kwasans endistri agrikòl New York lè li pèmèt fèm ak pwodiktè pou yo itilize lajan an pou invest nan operasyon yo, achte nouvo ekipman ak modènize amenajman, ki ogmante konpetitivite ak pwofitabilite fèm yo.

Yo te ekzonere edifis agrikòl de taks pandan plizyè deseni, men lwa ki te akòde ekzonerasyon an te etabli pou li te ekspire nan Premye Jou Ane 2019. Nouvo lwa a, ki te resevwa prezantasyon Manm asanble Bill Magee ak Senatè Patty Ritchie, modifye Lwa Taks sou Byen Imobilye nan Eta New York pou pwolonje alejman fiskal ak asire li pral rete anvigè pou pwochen deseni an.

Komisyonè Agrikilti Eta New York la (New York State Agriculture), Richard A. Ball, te di, “Nou remèsye Gouvènè Cuomo paske li siyen pwojè-lwa sa a pou li vini lwa epi nou remèsye Lejislati Eta a paske li pase lejislasyon sa a. Li pwolonje yon alejman fiskal vital pou fèm ak pwodiktè nou yo, ki nan yon fason istorik te depann sou ekzonerasyon an pou amelyore operasyon, agrandi biznis epi ekilibre lòt depans”.

Delege pa Enterim Enpo ak Finans la (Taxation and Finance), Nonie Manion, te deklare, “Gras ak ekstansyon ekzonerasyon taks fonsye sa a, fèm New York yo ka kontinye kounye a resevwa benefis alejman fiskal sa a. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo ak Lejislati Eta a paske yo kontinye pèmèt benefis itil sa a”.

Prezidan Komite Agrikòl Sena a (Senate Agriculture Committee), Patty Ritchie, te deklare, “Fèm nan eta nou an travay di chak jou pou jenere pwodui premye klas lòt moun New York jwi, men pafwa yo wè pwofi minimal ki jenere epi, pafwa, yo konn menm fè defisi, akòz bagay tankou depans nan enfrastrikti. Lejisasyon vital sa a, mwen te fyè pou m te prezante li, pral ofri yon ekzonerasyon taks imobilye pou estrikti ki jwe yon wòl enpòtan nan ranfòse pwofi yo, ki pral an konsekans ede apiye endistri agrikòl eta nou an pou ane k ap vini yo”.

Prezidan Komite Agrikilti Asanble a (Assembly Agriculture Committee), Bill Magee, te di, “Lwa pou ekzonerasyon taks imobilye sa a rete ekstrèman itil pou fèm nou yo ki depann de li pou diminye kou pwodiksyon. Sa, an konsekans, ede yo rete ap fonksyone lè li kenbe fèm yo an operasyon, konsève espas lib eta nou an, epi kiltive manje pou Nouyòkè”.

Prezidan Biwo Fèm New York la (New York Farm Bureau), David Fisher te di, “Lwa sa a, ki kenbe nouvo edifis fèm yo andeyò lis taks yo pandan 10 lane, rete esansyèl pou ankouranje nouvo investisman nan fèm, epi li pral rann li plis ekonomik pou devlope biznis fèm familyal. Ekonomi sou tak la pral espesyalman enpòtan nan kad ekonomi agrikòl ki difisil jounen jodi a”.

Lwa a entèdi ogmantasyon taks ki baze sou valè yon konstriksyon oubyen yon amelyorasyon nan estrikti yo ki itilize pou operasyon agrikòl esansyèl. Sa enkli kiltive, rekòlte ak konsève komodite; alimante, repwodiksyon ak jesyon betay; epi lojman pou anplwaye fèm lan. Yo pa kouvri lojman pou manm fanmi imedyà nan ekzonerasyon an sofsi manm fanmi pa pwopriyetè epi li vital pou operasyon komèsyal fèm lan.

Ou ka jwenn yon lis konplè règ konsènan ekzonerasyon an [isit la](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)